

PROTEJE TÈT OU.

Pran vaksen KOVID-19 la.



Nan yon fiti ki pa twò lwen, yon vaksen pral disponib epi sa pral vrèman redwi risk enfeksyon pou KOVID-19 la. Premyèman, aksè pral trè limite pou pèsònèl swen sante a ak premye entèvenan yo, epi yo prevwa sa ap vin plis vrèman disponib pou piblik la an jeneral nan prentan 2021 an. Genyen anpil rezo pou pran yon vaksen lè li vin disponib. Sa ki plis konvenkan an sèke li ka pwoteje ou menm ak moun ki bò kote w kont viris mòtèl sa a.

Kat Rezon Ki Fè Ou Ta Dwe Pran Vaksen KOVID-19 la:

 1	 2	 3	 4
LI AN SEKIRITE. FDA a pral sèlman apwouve pou bay vaksen yo selon kondisyon dijans sa yo ki genyen enfòmasyon ki pwouve sekirite l epi ki satisfè oswa depase limit efikasite minimòm yo.	LI APLIKAB. Se fason ki pi efikas pou anpeche trape KOVID-19, epi ekspè yo kwè li kapab ede w pou pa vin tonbe malad grav menm si (menm jan ak grip la) ou vrèman trape viris la.	LI GRATIS! Founisè yo dwe vaksinen tout moun san konsidere kapasite yo pou peye. Founisè yo kapab anmezi pou faktire yon frè pou vizit nan biwo, oswa frè administrasyon, byen ke frè sa a ka faktire nan asirans lan oswa Medicare/Medicaid.	EFÈ SEGONDÈ MINIMAL. Plis pase 70,000 moun ki volontèman pran vaksen an nan esè klinik yo te genyen pousantaj efè segondè ki trè ba, efè segondè ki te plis komen yo te doulè nan bra nan sit enjeksyon an, kèk lafyèv oswa soulè nan kò.

Lòt Detay Enpòtan Konsènan Vaksen KOVID-19 la

- Pifò vaksen KOVID-19 yo itilize de piki, ki administre nan entèval twa semèn, pou bay pi bon pwoteksyon.
- Yo p ap konsidere piblik la kòm kobay pou vaksen an. Yo te teste vaksen an sou plis pase 70,000 moun ki te deja bay tèt yo kòm volontè pou gran esè klinik sa a.
- Epitou fabrikan vaksen an te mande plizyè milye moun nan kominote koulè yo ki genyen moun nwa ak moun Ispanofòn pou patisipe nan esè klinik yo.
- Si ou te teste pozitif pou KOVID-19, mande founisè swen sante ou an si ou ta dwe pran vaksen an.
- W ap toujou bezwen pratike lòt prekosyon tanke mete yon mask, distans sosyal, lave men ak lòt mezi ijyèn yo jiskaskè responsab sante piblik yo endike yon lòt bagay.
- Yo pral premyèman rekòmande vaksen an pou itilizasyon avèk timoun oswa fanm ansent. Fabrikan yo ap kòmanse elaji piblik tès yo a pou rekòmandasyon ki pèmèt itilizasyon pou gwoup sa yo kapab aktyalize nan yon dat pi ta.



Pou plis enfòmasyon konsènan vaksen KOVID-19 la, vizite
coronavirus.delaware.gov/vaccine.